



Pou Piblikasyon Imedya: 08/14/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU RETIRE CHAJ SOU BRASRI, DISTILRI & SIDRI YO

*Pèmèt fèm distilri yo vann atik, tankou manje, pwodui atizanal, ak souvni*

*Otorize degistasyon nan boutik andetay yo san yo pa bezwen prezans yon fabrikan*

*Egzante mikwo-brasri yo obligasyon pou ranpli taks ki initil*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa ki pral fè biznis vin pi fasil pou konpayi brasri atizanal yo nan Eta New York. Twa mezi sa yo pral pèmèt fèm distilri yo vann kado ak souvni, otorize boutik andetay yo pou fè degistasyon likè, byè ak sidr, epi egzante mikwo-brasri yo nan obligasyon task ki initil.

“Nan chak kwen nan eta, endistri brasri atizanal New York la ap pwospere e nou angaje pou ede l grandi plis pou kreye plis travay ak plis aktivite ekonomik,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mezi sa yo pral plis koupe chaj administratif epi bay brasri, sidri ak distilri yo pi gwo opòtinite pou elaji biznis yo epi pwopaje mesaj la sou pwodui klas mondyal yo.”

### **Pèmèt Fèm Distilri yo Vann Atik Kado**

Anvan pwojè lwa sa a (S.4800 / A.7001), fèm distilri yo se te sèl gwoup pami fèm brasri, sidri ak etablisman diven yo ki pat gen otorizasyon pou vann atik kado, tankou manje ak souvni ki fèt lokal. Kounye a, yo pral ka vann atik sa yo, ansanm avèk bwason ki pa gen alkòl ansanm avèk atik pou likè ak akseswa.

Senatè George Amedore te deklare, “Endistri bwason New York la ap kontinye grandi, e nou vle fè tout sa ki posib pou ankouraje plis ekspansyon. Daprè nouvo lwa sa a, fèm distilri yo pral jwenn menm opòtinite ke fèm brasri, distilri ak sidri yo, e etablisman diven yo aktyèlman gen pou ogmante revni yo, ankouraje kliyan regilye epi amelyore biznis yo nan vann atik kado. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt difererans lan, e siyati lwa sa a pral ede fèm distilri yo reyisi.”

Manm asanble Pat Fahy te deklare, “Pèmèt fèm distilri yo vann manje, souvni ansanm

avèk lòt atik kado pral pote revni anplis epi ankouraje yon pi bon eksperyans vizitè. Endistri bwason atizanal la nan eta sa a ap pwogrese – e etap enpòtan bon sans tankou sa rann li pi fasil pase anvan pou ti biznis yo reyisi epi grandi isit la nan New York. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te siyen pwojè lwa sa a ki pral mete fèm distilri nou yo anliy avèk lòt pwodiktè yo epi ede asire ke yap pwospere.”

John Curtin, Pwopriyetè Albany Distilling Company, Inc., te deklare, “Endistri bwason atizanal la te yon eleman solid nan ekonomi Eta New York pou de deseni kounye a. Li reyèlman gratifyan pou finalman gen yon gouvènè ak yon lejislati ki toulède rekonèt epi sipòte kwasans distilri New York yo. Distilè, yo ansanm avèk pwodiktè diven, byè ak sidr yo fè pati nan destinasyon ekonomi an. Avèk sa anvigè kounye a, sa a pral pèmèt biznis nou yo kontinye grandi epi pwopaje mesaj la ke New York ouvè pou biznis.”

### **Otorize Degistasyon nan Boutik andetay yo san fabrikan an pa bezwen la**

Anplis, butik andetay yo kap vann byè, sidr ak likè pral anmezi kounye a dapre pwojè lwa (S.5333-A / A.8043) pou fè degistasyon san fabrikan oswa gwosis la pa bezwen la. Anvansa, yon reprezantan fabrikan oswa gwosis pwodui a te dwe la nan butik la pou fè degistasyon an. Pou anpil ti biznis yo, sa se te yon depans ke yo pat kapab fè e kounye a, yo pa oblije la pou moun ka eseye pwodui yo.

Senatè Carl L. Marcellino te deklare, “Kòm brasri atizanal, sid ak bwason distile kontinye ap grandi an popilarite, nou vle detayan New York yo gen zouti ki nesès pou komèsyalize pwodui sa yo epi bay kliyan yo opòtinite pou goute anvan yo chwazi. Nouvo lwa sa a pral ede kliyan yo pran desizyon enfòmè epi bay detayan yo yon lòt mwayen pou ogmante lavant yo.”

Manm Asanble Robin Schimminger, Prezidan Komite Asanble a sou Devlopman Ekonomik, te deklare, “Mwen kontan anpil dèske yon fwa ankò yo te soulaj fado ki te sou endistri sir, byè ak likè a. Lè yo pèmèt lokal lavant andetay ki gen lisans pou fè degistasyon byè, sid ak likè poukont yo nan sit la a kliyan ki gen laj 21 lane oswa pi gran, nap ankouraje pwodui rejyonal yo, ogmante revni taks epi pèmèt kwasans kontinye nan endistri sa kap boujonnen nan New York .”

### **Egzante Miwo-Brasri yo obligasyon pou ranpli sèten taks**

Twazyèm pwojè lwa sa a, (S.4282 / A.7106) pral egzante miwo-brasri yo sou sèten obligasyon taks. Obligasyon taks sa yo mete yon chaj sou ti biznis yo ki souvan pa ekipe pou jere koleksyon done te bezwen konfòmè avèk lwa a. Pifò nan byè ke yo pwodui a te deja konte nan lavant distribitè a, sa fè li vini yon travay inital. Fèm brasri yo aktyèlman soulaje pou yo ka soumèt enfòmasyon sou deklarasyon taks anyèl la, e lwa sa a pral bay mikwo-brasri yo menm egzansyon an.

Senatè Betty Little te deklare, “Kantite miwo-brasri ki genyen nan New York ap grandi de jou an jou, e nou vle fè tout sa ki posib pou ede yo reyisi ak grandi. Ti bizni sa yo souvan pa gen kapasite pou jere gwo kantite koleksyon done pou taks, e pwojè lwa sa

a pral asire ke miwko-brasri yo resevwa menm benefis egzansyon an avèk fèm brasri yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lwa sa a e nap rete tann pou n kontinye devlope endistri bwason solid ke nou genyen nan eta.”

Manm asanble Kevin Cahill te deklare, “Avèk plis pase 200 brasri kap fonksyone ki reprezante plis pase 11,000 djòb, byè atizanal nan New York ap apwoche yon antrepriz \$4 milya. Kòm Nouyòkè yo ap ogmante enterè nan achte epi konsome pwodui ki fèt lokal yo, nou dwe kontinye ankouraje règleman ki enpòtan kap asire siksè nan eleman esansyèl sa nan komès eta nou an ak kilti dinamik. Adopte lwa bon sans sa a pral ede grandman endistri bwason atizanal nou an kap fleri lè nou retire egzijans rapò difisil yo kidonk ti biznis sa yo ka pase plis tan nan pratike metye yo olye ke yap ranpli dokiman.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418